# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

केंद्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान आजु जयपुर से किसानन बदे डिजिटल सहयोगी 'भारत विस्तार' क सुरूआति कइलें। येह पहल क उद्देस्य किसानन के स्मार्ट, ससक्त अउर सूचना–समृद्ध बनावल हौ। येह प्लेटफार्म के जरिया से किसान अपने मोबाइल फोन से एक्के कॉल से सज्जो जरूरी जनकारी पा सकिहें।

येह मौका पर केन्द्रीय कृषि मंत्री एके कृषि क्षेत्र में डिजिटल क्रांति के दिसा में एगो इतिहासिक कदम बतवलें। उहां के कहलीं कि येह पहल से किसानन के फसल आधारित वैज्ञानिक सलाह मंडी मूल्य आ मौसम से जुड़ल जनकारी मिली। श्री चौहान कहलें कि सरकार क लक्ष्य फसलिनि क उद्पादन बढ़ावल हौ।

**हमारा लक्ष्य है उत्पादन बढाना उसके लिए नई–नई किस्में आईसीआर फसलों की तैयार करना, उत्पादन की लागत घटाना, मैग्नाइजेशन तकनीकी का इस्तेमाल करके कम लागत का उत्पादन कैसे हो ताकि प्रोफिट बढ़े उसका प्रयास। किसान को उसके उत्पादन का दाम देना अगले एमएसपी पर रिकॉर्ड खरीदी की हमने कोशिश की है। मौसम की मार अगर फसल को बरबाद कर दे तो नुकसान की भरपाई प्रधानमंत्री फसल बीमा योजना जैसी योजनाओं के माध्यम से करते हैं।**

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहले हवें कि इंडिया एआई इम्पैक्ट एक्सपो विचार, नवाचार आ इरादन क एगो मजबूत संगम हौ। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी कहलें कि ई एक्सपो वैस्विक हित बदे आर्टिफिसियल इंटेलिजेंस क भविस्य के आकार दिहले में भारतीय प्रतिभा क असाधारण क्षमता के प्रदर्सित कइ रहल बा।

प्रधानमंत्री मोदी काल्हि नई दिल्ली के भारत मंडपम में इंडिया एआई इम्पैक्ट एक्सपो क उद्घाटन कइले रहलें। ओहीं, समिट के दुसरका दिन्ने सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव मीडिया से बतियवलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि ई शिखर सम्मेलन जनसंख्या से जुड़ल बड़हन समेस्या के समाधान बदे एगो मंच दे रहल हौ। श्री वैष्णव कहलें कि येह शिखर सम्मेलन के बाद अगिला दुइ बरिस में दुइ सौ अरब डॉलर से बेसी के निवेस क ओम्मेद बा।

**बडी संख्या में युवा इस सम्मेलन में भाग ले रहे हैं। मैंने कई नवाचारों और कॉलेजों के विद्यार्थियों से बातचीत की। कई लोग दूर–दराज के क्षेत्रों से इस सम्मेलन में हिस्सा लेने आए हैं। सम्मेलन की व्यापक प्रतिक्रिया सामने आ रही है। सम्मेलन में वैश्विक नेताओं का उत्साह साफ–तौर पर दिख रहा है। इस सम्मेलन के बाद अगले दो वर्ष में 200 अरब डॉलर से अधिक के निवेश की उम्मीद है।**

**********

श्री राम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्र आजु दुइ दिवसीय बइठकी में सामिल होखे अजोध्या पहुंचलें। सर्किट हाउस में मीडिया से बतियावत श्री मिश्र बतवलें कि ओन्नइस मार्च के राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू अजोध्या आइबि। येह दौरान उहां के चारि घंटा ले श्रीराम मंदिर परिसर में रहबि। उहां के चारि सौ श्रमिकन के एगो समारोह में सम्मानितो करबि।

**********

लखनऊ में आजु प्रदेस भर के जिला निर्वाचन अधिकारियन आ निर्वाचन रजिस्ट्रीकरण अधिकारियन क एक दिवसीय प्रसिक्षण क आयोजन कइल गइल। येह दौरान राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा के अध्यक्षता में मतदाता सूची से जुड़ल विविध प्रावधानन, ईआरओ नेट, बीएलओ ऐप आ बिसेस प्रगाढ़ पुनरीक्षण–एसआईआर दुइ हजार छब्बीस के बारे में खास जनकारी दीहल गइल। प्रसिक्षण में नोटिस चरण आ सुनवाई के प्रक्रियो पर पुरहर जनकारी दीहल गइल।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा बोर्ड के हाईस्कूल आ इंटरमीडिएट क इंतिहान बिहने से सुरू होई। बारह मार्च ले चले वाले येह इंतिहान के ले के सज्जो तइयारी पूरा कइ लिहल गइल बा। एगो रिपोर्ट–

**प्रदेश में 18 फरवरी से 12 मार्च 2026 तक यूपी बोर्ड की 10वीं व 12वीं की परीक्षाएं आयोजित होंगी, जिसमें 53 लाख से अधिक परीक्षार्थी शामिल होंगे। नकलविहीन परीक्षा कराने के लिए राज्य के सभी 75 जिलों में 8033 परीक्षा केंद्र बनाए गए हैं। प्रत्येक परीक्षा केंद्र के इम्तिहान वाले हर कमरे में में वॉयस रिकॉर्डर से लैस 2 सीसीटीवी कैमरे, राउटर, डीवीआर और हाई स्पीड इंटरनेट कनेक्शन लगाए गए हैं, जिससे वेबकास्टिंग के माध्यम से लाइव मॉनिटरिंग की जाएगी। परीक्षा में 8033 केंद्र व्यवस्थापक इतने ही बाह्य केंद्र व्यवस्थापक, और स्टैटिक मजिस्ट्रेट के अलावा 440 जनपदीय सचल दल नियुक्त किए गए हैं। मुमताज अली आकाशवाणी समाचार लखनऊ**

येह बिच्चे, केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड– सीबीएसई के कक्षा दसवीं आ बरहवीं क इंतिहान आजु से प्रदेस भर के कई गो परीक्षा केन्द्रन पर सुरू हो गइल।

**********

मौसम विभाग येह हप्ता पूरबी उत्तर प्रदेस में मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक पच्छिमी उत्तर प्रदेस में बिहने कहीं–कहीं बुन्नी परले आ हल्लुकाहे बरखा भइले क अनेसा हौ। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन में न्यूनतम तापमान में धीरे–धीरे दुइ डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरियो क सम्भावना जतवले हौ।

**********